POU PIBLIYE TOUSUIT

3 FEVRIYE 2025

Pou plis enfòmasyon kontakte:
JP O'Hare
(518) 474-1201
Press@nysed.gov(lyen pou voye imel)
www.nysed.gov

# Deklarasyon Depatman Edikasyon Eta New York la sou Dènye Dekrè Egzekitif Konsènan Edikasyon Piblik

Konstitisyon

Depi lè sa a, Kongrè a te pwoteje epi bay elèv yo te neglije nan tan pase yo priyorite atravè lejislasyon tankou Lwa sou Edikasyon Primè ak Segondè, Lwa sou Edikasyon pou Moun Andikape yo, ak Lwa sou Asistans pou Sanzabri McKinney -Vento a. Lwa sa yo rekonèt epi yo selebre diferans pèsonèl, sosyal ak ekonomik. Yo se modèl fòs atravè divèsite.

Dènye dekrè egzekitif Prezidan an te pibliye yo kontrè ak tradisyon sa a. Epitou yo pa efikas, paske Prezidan an gen yon devwa konstitisyonèl pou li "veye pou garanti yo aplike lwa yo fidèlman." Sa a vle di Prezidan an pa ka deside ki lwa pou li aplike oswa ki finansman pou li bay. Se poutèt sa a de (2) tribinal federal kanpe touswit desizyon Prezidan an pran pou li "bloke" finansman federal yo.